

mési

Chwazi vaksen COVID-19 la!

Enskri kounye a pou tchèk sante adapte
pèsonèlman pa mwayen app mobil v-safe lan.



v-safeSM
verifikatè sante
apre vaksinyon



Mesaj tèks ak sondaj sou entènèt V-safe yo ka ede ou apre ou fin vaksinen.

Avèk v-safe, ou ka enfòmè CDC byen vit si ou gen nenpòt efè segondè. V-safe ap fè ou sonje tou pou ou pran dezyèm dòz ou si ou bezwen youn. Enfòmasyon pèsonèl yo pwoteje nan v-safe, dekwa pou yo rete konfidansyèl ak prive. V-safe pa bay konsèy medikal.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite vsafe.cdc.gov oswa fikse kamera smatfòn ou sou kòd la.



Ou ka pètèt gen kèk efè segondè apre ou fin resevwa piki a.

Efè segondè yo se siy nòmal ki endike kò ou ap devlope yon pwoteksyon. Yo ta dwe disparèt nan kèk jou.

EFÈ SEGONDÈ KOURAN YO

- Nan bra kote ou te pran piki a: doulè ak anflamasyon.
- Nan rès kò ou: lafyè, frison, fatig ak maltèt.

KILÈ OU TA DWE RELE FOUNISÈ SWEN SANTE OU

- Si woujè oswa sansiblite a ogmante nan kote ou te pran piki a apre 24 èdtan.
- Si efè segondè ou yo ap enkyete ou oswa yo pa sanble ap disparèt apre kèk jou.

SANT DAPÈL FLORIDA A DISPONIB 24 È SOU VENNKAT, 7 JOU SOU SÈT

Si ou gen enkyetid pou yon efè segondè posib, rele nan 1-866-779-6121 epi peze 3 pou pale ak yon pwofesyonèl medikal.



Sant Dapèl Florida
pou COVID-19:
1-866-779-6121



Sou entènèt:
vaers.hhs.gov/index

Oswa rele nan:
1-800-822-7967

Si ou te gen yon efè segondè grav, tanpri kontakte VAERS.

Sistèm Rapò sou Efè Negatif Vaksen an (The Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS) se yon sistèm avètisman bonè ki detekte pwoblèm ki pètèt anrapò ak vaksen. VAERS pa bay konsèy medikal, men li rasanble rapò sou efè segondè grav yo. Lè ou fè rapò ba VAERS, sa ede kominote ou. Nenpòt moun ka soumèt yon rapò ba VAERS: pasyan, founisè swen sante, fabrikasyon vaksen yo, epi fanmi ak zanmi. Lalwa egzije pou founisè swen sante yo rapòte sèten efè segondè.